# Велосипед алыўға жыйнаған пулына коронавирус пенен наўқасланған анасын емлеткен балаға министрлик велосипед саўға етти

Ташкентте велосипед алыўға жыйнаған пулына коронавирус пенен наўқасланған анасын емлеткен балаға министрлик велосипед саўға етти.

ӨзА тәрепинен коронавирус кеселлиги менен наўқасланған шаңарақ ҳаққында видеорепортаж таярланған еди. Онда Шоҳиста Абдумавлонованың баласы менен бирге вирусқа қарсы гүресиўи ҳаққында сөз етилген.

Image not found or type unknown

Видеокөринисте баланың спортқа қызығыўшылығы бар екениде баян етиледи. Оның айтыўынша, вилосипед алыў ушын жыйнап қойған пулын дәри алыўға сапрлаўға мәжбүр болған.

Бул шаңарақ Денетәрбия ҳәм спорт министрлигиниң нәзерине түскен. Сол себепли министрлик балаға вилосипед саўға етти.

Сондай-ақ, оның қызығыўшылықларын есапқа алып министрлик оны Балалар ҳәм өспиримлер спорт мектебине қабыл етиўге ўәде берди.

Аўдарма: ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети